

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

Satuan Pendidikan : SMP Negeri 39 Bandung

Kelas/ Semester : IX/1

Tema : Kampung Adat Sunda

Sub Tema / kompetensi Dasar: 3.2 Mengidentifikasi isi teks deskripsi tentang kampung adat Sunda, dengan memperhatikan struktur teks dan aspek kebahasaan yang benar dan sesuai konteks.

Pembelajaran Ke : 1

Alokasi Waktu : 10 Menit

A. TUJUAN PEMBELAJARAN

Setelah kegiatan belajar mengajar mengenai kampung adat Sunda selesai, peserta didik dapat:

- ✓ Mengidentifikasi isi teks deskripsi tentang kampung adat Sunda;
- ✓ Menguraikan pengertian kampung Adat dengan benar.

B. KEGIATAN PEMBELAJARAN

1. Pendahuluan (2 Menit)

- a. Guru menyiapkan fisik dan phisikis kelas (menyampaikan salam, berdo'a, serta mengecek kehadiran siswa)
- b. Guru memberikan informasi tentang kompetensi dasar dan tujuan pembelajaran
- c. Guru memotivasi peserta didik untuk berperan aktif dalam pembelajaran

2. Kegiatan Inti (6 Menit)

- a. Peserta didik dibagi menjadi 4 kelompok.
- b. Peserta didik membaca dan mengamati struktur teks deskripsi tentang "Kampung Naga"
- c. Siswa dalam kelompoknya mengidentifikasi (menentukan ciri-ciri) teks Deskripsi kampung adat Sunda "Kampung Naga" dengan cara menjawab beberapa pertanyaan yang diberikan guru.
- d. Secara berkelompok, Memaparkan hasil temuannya dalam bentuk teks pendek tentang kehidupan masyarakat kampung adat Sunda.
- e. Guru memberikan penguatan terkait hasil diskusi dan presentasi yang dilakukan oleh peserta didik.

3. Penutup (2 Menit)

- a. Guru mengadakan evaluasi secara garis besar dari keseluruhan penampilan.
- b. Guru memberikan apresiasi kepada kelompok yang telah tampil.
- c. Guru menutup pembelajaran.

C. PENILAIAN PEMBELAJARAN

- Sikap: Menilai sikap siswa selama pembelajaran berlangsung, menggunakan jurnal. Termasuk sikap siswa berkaitan dengan penggunaan undak usuk basa Sunda.
- Pengetahuan: Tes Tertulis (essay)

Mengetahui
Kepala SMP Negeri 39 Bandung,

Bandung, Juli 2021
Calon Guru Penggerak Mapel. Bahasa Sunda,

SETIAWAN PURNAMAJAYA,S.Pd
NIP : 19611106 198003 1 001

DESI TRIYANI, M. Pd
NIP. 19821223 200604 2 011

LAMPIRAN

LKPD

Di handap aya bacaan anu ngagambarkeun kaayaan Kampung Naga, pék baca sing gemet!

KAMPUNG NAGA

Kampung Naga téh mangrupa salah sahiji kampung adat di Tatar Sunda. Perenahna di Désa Néglasari, Kacamatan Salawu, Kabupatén Tasikmalaya. Béda jeung umumna kampung adat, Kampung Naga mah kawilang gampang didongkangna, lantaran tempatna henteu jauh ti jalan gedé antara Garut jeung Tasikmalaya.

Disebut kampung adat lantaran kabiasaan pendudukna anu masih kénéh pageuh nyekel adat kabiasaan karuhunna. Maranéhna pantrang ngarempak adat kabiasaan anu geus diguratkeun ku karuhunna. Nurutkeun kapercayaanana, ngarempak adat téh sarua hartina jeung henteu ngahargaan ka karuhun.

Wewengkon Kampung Naga legana 5 héktar. Ari anu dijadikeun pakampungan aya 1,5 héktar ngawengku paimahan, pakarangan, balong, jeung pasawahan penduduk. Sésana mangrupa leuweung, anu disebut leuweung karamat, lantaran di éta leuweung téh aya makam karuhun masarakat Kampung Naga. Pakampunganana aya dina léngkob anu kawilang subur. Beulah kulon diwatesan ku leuweung karamat. Beulah kalér jeung wétan diwatesan ku Walungan Ciwulan. Beulah kidul mangrupa lawang asup ka lingkungan pakampungan.

Upama urang rék asup ka jero pakampunganana kudu ngaliwatan jalan nurugtug, mangrupa séséngkéd, tapi geus ditémbok jeung dibalay ku batu témplék. Sasatna mah kudu ngaliwatan gawir. Malah aya anu nyebutkeun, sesebutan Kampung Naga téh, asalna mah Kampung Na Gawir, terus robah jadi Kampung Naga. Wangun imah di Kampung Naga kudu imah panggung, anu dijieunna tina kai jeung awi. Hateupna wangun julang ngapak kudu tina injuk, eurih, atawa kiray. Teu meunang aya anu maké kenténg. Teu meunang ditémbok deuih, sanajan mampuh ogé nyieun imah témbok atawa gedong. Sakabéh imah kudu nyanghareup ka kidul atawa kalér. Teu meunang dicét, iwal dikapur atawa diméni.

Panto imahna, teu meunang aya panto anu pahareuphareup dina saimah. Anu matak panto tepas jeung panto dapur téh saajar aya di hareup. Lantaran nurutkeun kapercayaanana sangkan rejeki anu asup ka imah téh henteu bangblas, kaluar deui ngaliwatan panto dapur. Pipinding tepas atawa tengah imah ku bilik anu buni, ari pipinding dapur mah kudu ku anyaman sasag anu carang. Ieu ogé aya alesanana. Ambéh babari kanyahoan ku tatangga lamun dapurna henteu ngebul, hartina henteu masak, upamana baé lantaran teu boga béas, jeung sajabana. Di jero imah teu meunang maké paparobotan saperti korsi, méja, jeung ranjang.

Di Kampung Naga aya 113 wangunan, 110 wangunan di antarana mangrupa imah. Wangunan séjénna nyaéta bumi ageung, balé patemon, jeung masjid. Bumi ageung tempat neundeun barang-barang pusaka, balé patemon tempat ngayakeun kumpulan warga jeung narima sémah, ari masjid tempat ibadah warga jeung ngayakeun upacara kaagamaan. Ti baheula jumlah wangunan téh henteu leuwih ti sakitu sarta teu bisa ditambahan deui. Jadi upama aya warga Kampung Naga anu hayang nyieun imah anyar téh, lantaran anggota kulawargana nambahan, upamana, nya kapaksa wé kudu di luareun Kampung Naga.

Di Kampung Naga teu meunang nanggap kasenian anu datangna ti luar, saperti wayang golék, dangdut, kendang penca sarta kasenian lianna anu maké goong. Ari lalajo mah meunang urang dinya ogé, asal ulah di jero Kampung Naga. Kasenian anu meunang ditanggap di Kampung Naga nyaéta terebang, beluk, jeung rengkong. Kasenian anu dianggap mangrupa warisan turun-tumurun ti karuhunna. Urang Kampung Naga ogé pantrang nyaritakeun ngeunaan lembur katut sajarahna dina poé Salasa, Rebo, jeung Saptu. Komo nyaritakeun luluhurna atawa karuhunna mah, dipahing pisan. Ari sababna poé Salasa, Rebo, jeung Saptu téh mangrupa poéan nyepi.

Kampung Naga téh diadegkeun ku Sembah Dalem Singaparana, anu dianggap karuhun urang Kampung Naga, ratusan taun katukang. Sembah Dalem Singaparana téh salah saurang anu nyebarkeun agama Islam. Anu matak urang Kampung Naga mah kabéhanana ogé ngagem agama Islam. Ngan dina prak-prakan ibadahna diluyukeun jeung adat cahara katut kabiasaan karuhunna.

(Sumber: Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Jawa Barat)

1. Aspek Pengetahuan

- a. Jenis : Penilaian Hasil Pembelajaran
 b. Bentuk : Tes Tulis
 c. Instrumen dan pedoman penskoran :

| Indikator Pencapaian Kompetensi | Instrumen |
|--|---|
| mengidentifikasi isi dan struktur teks deskripsi budaya Sunda yang dibacanya | <ol style="list-style-type: none"> 1. Di mana pernahna Kampung Naga téh? 2. Naon sababna Kampung Naga henteu hésé didongkangna? 3. Naon sababna Kampung Naga disebut kampung adat ? 4. Kumaha wangun imah anu aya di Kampung Naga téh? Jéntrékeun? 5. Ari kasenian anu teu meunang ditanggap di Kampung Naga téh kasenian anon? Kasenian naon deuih anu sok ditanggap di Kampung Naga? |

Pedoman pensekoran

| No. Soal | Aspek yang dinilai | Kriteria | Skor |
|--|--------------------|-------------|------|
| 1-5 | Ketepatan menjawab | Tepat | 20 |
| | | Tidak tepat | 0 |
| Skor Maksimal Aspek Kognitif (NK) | | | 100 |